

# Dewoulman Eleksyon

**Si ou vle fòm yon sendika oswa si ou vle antre nan youn, oswa si ou vle anile akreditasyon yon sendika ki la deja, ou ka fè petisyon pou gen eleksyon. Revize etap yo pou fè yon petisyon la a. Tanpri kontakte yon fonksyonè ki responsab enfòmasyon yo nan Biwo Reijonal ki pi pre ou pou jwenn asistans.**

Pou kòmanse pwoesis eleksyon a, ou dwe depoze yon petisyon akl dokiman asosye yo, pito sou fòm elektwonik, avèk Biwo Reijonal NLRB ki pi pre ou pou montre gen omwen 30% anplwaye yo ki sipòte petisyon an. Answit ajan NLRB yo pral fè yon ankèt pou asire Konsèy la gen jiridiksyon, sendika a kalifye, epi pa gen kontra travay ki la deja oswa pa gen eleksyon ki te fèt pa twò lontan, sa ki ta entèdi òganizasyon yon eleksyon. Yon ti tan apre ou fè petisyon an, patwon an gen obligasyon pou afiche yon Avi Petisyon pou Eleksyon nan kote ki vizib, tankou tout kote li abitye afiche avi pou anplwaye yo. Si patwon an kominike òdinèman avèk anplwaye nan inite ki gen rapò avèk petisyon an nan mwayen elektwonik, patwon an dwe distribiye Avi Petisyon pou Eleksyon an sou fòm elektwonik tou pou anplwaye a yo.

Ajan NLRB yo pral chèche jwenn yon akò pou eleksyon ant patwon an, sendika a ak lòt moun ki konsène yo pou detèmine dat, lè, ak kote pou vote, lang (yo), k ap nan biltén yo, inite awopriye a, ak yon metòd pou detèmine kimoun ki kalifye pou vote. Lè mou ki konsène yo jwenn yon akò, y ap otorize Direktè Reijonal NLRB pou òganize eleksyon an. Si moun ki konsène yo pa jwenn yon akò, Direktè Reijonal la ap òganize yon odyans epi answit li ka rekòmande yon eleksyon epi li ka detèmine kondisyon yo annakò avèk règ Konsèy la ak desizyon li yo.

Anjeneral, òganizasyon eleksyon yo fèt nan dat pratik ki pi bonè a apre yon rekòmandasyon oswa otorizasyon Direktè a, ki pral chanje selon ka a. Men, yo ka ranvwaye yon eleksyon si yon moun ki konsène mande pou bloke petisyon an dapre akizasyon ki sipoze konduit ki ta nuizib pou chwa libelibè anplwaye yo pou vote nan eleksyon an, tankou menas patwon an oswa yon sendika fè pou anplwaye yo pèdi djòb yo oswa avantaj yo, pou pa bay pwomosyon, pou pa bay ogmantasyon salè, oswa pou anplwaye yo pèdi kèk lòt avantaj pou oryante vòt la. Lè pral gen yon eleksyon, patwon an gen obligasyon pou afiche yon Avi Eleksyon ki pral ranplase Avi Petisyon pou Eleksyon li te afiche anvan an.

Lè gen yon sendika ki la deja, yon sendika konpetitif ka fè yon petisyon pou eleksyon si kontra travay la ekspire oswa pral ekspire epi petisyon an kapab montre enterè omwen 30% anplwaye yo. Nòmalman sa ta lakòz yon eleksyon a twa nivo, avèk chwa yo ki se sendika, ki prale a, sendika kontestatè a, ak "okenn." Si okenn nan twa yo pa resevwa yon vòt majorité, y ap òganize yon dezyèm eleksyon ant moun ki te resevwa pi plis vòt yo.

Eleksyon pou sètifye oswa pou anile akreditasyon yon sendika kòm reprezantan pou negosyasyon ant patwon ak travayè deside avèk yon majorite biltén yo lage. Obsèvatè tout moun ki konsène yo ka chwazi pou prezan lè y ap konte biltén yo. Nenpòt moun ki konsène ka fè objeksyon ak yon òf pou sipòte objeksyon li avèk Direktè Reijonal awopriye a nan 7 jou apre kontaj vòt la. Poutèt sa, sof kote moun ki konsène yo dakò pou sa ki kontré, yo ka konteste desizyon Direktè Reijonal la sou objeksyon yo devan Konsèy la nan Washington. Y ap mete

rezulta yon eleksyon sou kote si konduit patwon an oswa sendika a te kreye yon atmosfè konfizyon oswa laperèz pou gen vanjans epi sa te deranje libète chwa anplwaye yo.

Sinon, yon sendika ki resevwa yon majorite vòt anplwaye yo lage ap sètifye kòm reprezantan anplwaye yo pou negosyasyon avèk patwon an epi li gen dwa pou patwon an rekonèt li kòm sèl ajan negosyasyon pou anplwaye yo nan inite a. Si patwon an pa negosye avèk sendika a nan pwen sa a, sa se yon pratik travay enjis.

[Klike la a pou jwenn tablo ak done sou eleksyon yo pou reprezantasyon.](#)

## Lòt chemen pou jwenn reprezantasyon sendika

Anplis eleksyon NLRB òganize yo, lalwa federal bay anplwaye yo yon dezyèm chemen pou yo chwazi yon reprezantan. Yo ka konvenk yon patwon pou li rekonèt avèk volonte li yon sendika apre yo montre sipò majorité avèk kat otorizasyon oswa avèk lòt mwayen. Akò sa yo fèt deyò pwosesis NLRB. Si patwon an rekonèt yon sendika avèk volonte li, patwon sa a pa kapab konteste sitiyasyon sendika a kòm reprezantan pou negosyasyon pandan peryòd pou negosyasyon an, sa Konsèy la defini kòm mwens pase sis mwa (epi pa plis pase yon ane) apre premye sesyon negosyasyon an ant moun ki konsène yo. Sa vle di, pandan peryòd tan rezonab sa a, patwon an pa kapab retire rekonesans lan, epi Konsèy la p ap travay sou yon petisyon pou gen yon eleksyon pou retire sendika a oswa pou ranplase li avèk yon sendika diferan. Men, pou entèdiksyon petisyon pou gen eleksyon an aplike, patwon an ak/oswa sendika a dwe fè yon Biwo Rejyonal Konsèy la konnen dabò patwon an te akòde rekonesans volontè a: patwon dwe afiche ak distribiye ba anplwaye yo yon avi pou fè anplwaye yo konnen li te akòde rekonesans lan epitou anplwaye yo gen dwa pou fè yon petisyon pandan yon peryòd 45 jou apati dat patwon an afiche avi a; epi pa gen petisyon ki jwenn sipò kòrèk ki afiche anvan 45 jou sa yo.

## Biwo pou Kontestasyon Reprezantasyon

Revizyon desizyon yo ki gen rapò avèk eleksyon, tankou rejè petisyon yo ak desizyon Direktè Rejyonal yo anvan eleksyon, fèt nan Biwo pou Kontestasyon Reprezantasyon nan Washington D.C. demann revizyon yo kapab fèt nenpòt lè apeprè nan 14 jou apre yon sètifica reprezantasyon an oswa rezulta yon eleksyon Yo bay chak afè pou yon avoka oswa yon sipèvizè pou yon revizyon afè a, answit yo prezante afè a devan Konsèy la. Konsèy la ka revize oswa akòde revizyon desizyon an. Si Konsèy la akòde revizyon an, moun ki konsène yo ka depoze dosye siplemantè sou revizyon an.

**Pou jwenn yon lis tout eleksyon NLRB yo pa mwa, tanpri gade our [Rapò Eleksyon nou yo.](#)**

**Pou jwenn lòt enfòmasyon** oswa pou jwenn èd pou fè yon petisyon, tanpri kontakte yon fonksyonè ki responsab enfòmasyon yo nan [biwo NLRB ou ki pi pre ou.](#)